

Apwopo Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus*

[ESPAÑOL](#)

Kisa Excelsior Pass la ye?

Excelsior Pass se yon platfòm volontè, gratis ki founi Nouyòkè ki enterese yo prè vaksinyon kont COVID-19 oswa rezilta tè negativ yo defason nimerik ak sekirize. Nan moman an, gen twa kalite Pass:

- Excelsior Vaccination Pass (Lese pase Excelsior pou Vaksinyon) (ki disponib 15 jou apre yo fin administre dòz final vaksen an; li valid pou 365 jou)
- Excelsior PCR Pass (Lese pase Excelsior pou Tès PCR) (li valid jiska minwi nan twazyèm jou apre ou fè yon tè)
- Excelsior Antigen Pass (Lese pase Excelsior pou Tès Antijèn) (li valid pou 6 èdtan apati moman ou fè yon tè)

Nan moman sa la a, yon Excelsior Vaccination Pass enkli sèlman premye seri vaksen yon moun. Li pa enkli yon dòz rapèl ak/oswa dòz adisyonèl pou yon moun. Sepandan, apati 8 novanm, Nouyòkè ki te resevwa yon dòz rapèl oswa yon dòz adisyonèl nan vaksen kont COVID-19 la ka rekipere Excelsior Vaccination Pass *Plus* yo— antanke yon kopi sekirize dosye vaksinyon yon moun—gen ladan l tout dòz vaksen kont COVID-19 li te resevwa jiska dat jodiya. Si ou te deja rekipere Excelsior Vaccination Pass *Plus* ou a avan yo te fè mizajou sa a, annik vizite epass.ny.gov pou rekipere yon nouvo Excelsior Vaccination Pass *Plus* a nenpòt ki moman. Apre mizajou 8 novanm lan, Nouyòkè yo ka atann yo aske dòz rapèl oswa dòz adisyonèl yo a disponib nan 3 – 4 jou ki vini apre yo lè yo te resevwa dòz rapèl oswa dòz adisyonèl yo a.

Pou plis enfòmasyon sou Excelsior Pass, tanpri vizite [Kesyon Moun Poze Souvan \(FAQ yo\) sou Excelsior Pass](#).

Kisa Excelsior Pass *Plus* la ye?

Excelsior Pass *Plus* se li menm tou yon platfòm volontè e gratis ki founi Nouyòkè ki enterese yo yon kopi nimerik e ki sekirize pou dosye vaksinyon kont COVID-19 yo a oswa pou rezilta negativ pou tè COVID-19 yo.

Yon Excelsior Vaccination Pass *Plus* bay moun yo aksè an tout sekirite ak dosye vaksinyon yo a e poutèt sa, li pa gen yon dat ekspirasyon. Li gen ladan tip vaksen an, sit ak dat vaksinyon an, menm jan ak yon Kat Vaksinyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) (CDC Vaccination Card).

Yon Excelsior PCR oswa Antigen Pass *Plus* bay moun aksè an tout sekirite ak enfòmasyon sou rezilta negatif pou tès COVID-19 yo a e li gen ladan dat ak lè tès la te fèt, tip tès la, rezilta tès la, sit kote tès la fèt la, kòd Idantifikatè pou Obsèvasyon Lojik Non ak Kòd (Logical Observation Identifiers Names and Codes, LOINC) a ak deskriptè tès la, menm jan ak rezilta ofisyèl ki soti nan laboratwa yo.

Nan moman la, gen twa kalite Excelsior Pass *Plus*:

- Excelsior Vaccination Pass *Plus* (disponib 15 jou apre yo te administre dòz final vaksen an; menm jan ak yon kopi nimerik dosye vaksinasyon yon moun, pa gen dat ekspirasyon)
 - Apati 8 novanm, tout Excelsior Vaccination Pass *Plus* yo moun ki te resevwa yon dòz rapèl oswa yon dòz adisyonèl nan vaksen kont COVID-19 yo ap gen enfòmasyon sa a ki enkli nan Excelsior Vaccination Pass *Plus* yo a [disponib 3 – 4 jou ki vini apre yon dòz endividyèl, pa gen dat ekspirasyon]
- Excelsior PCR Pass *Plus* (li valid jiska minwi nan twazyèm jou apre ou fin fè yon tès)
- Excelsior Antigen Pass *Plus* (li valid pou 6 èdtan apati moman ou fè yon tès)

Excelsior Pass *Plus* kreye grasa [SMART Health Cards Framework](#) ak espesifikasyon, ke yo devlope an patenarya ak [VCI](#). [VCI](#) se yon kowalisyon volontè ki gen 800 òganizasyon piblik ak prive ki angaje l pou pèmèt moun gen aksè ak yon kopi fyab ak verifyab de dosye vaksinasyon yo oswa de rezilta laboratwa yo sou fòm nimerik oswa sou papye ki itilize dè nòm piblik, entè-eksplwatab.

Apati 8 novanm, Nouyòkè ki te resevwa yon dòz rapèl oswa yon dòz adisyonèl nan vaksen kont COVID-19 yo ka rekipere Excelsior Vaccination Pass *Plus* yo—ki antanke yon kopi sekirize dosye vaksinasyon yon moun—gen ladan l tout dòz vaksen kont COVID-19 li te resevwa jiska dat jodiya. Si ou te deja rekipere Excelsior Vaccination Pass *Plus* ou a avan yo te fè mizajou sa a, annik vizite epass.ny.gov pou rekipere yon nouvo Excelsior Vaccination Pass *Plus* a nenpòt ki moman.

Pou plis enfòmasyon sou Excelsior Pass *Plus*, tanpri vizite [Kesyon Moun Poze Souvan \(FAQ yo\) sou Excelsior Pass *Plus*](#) yo.

Itilizasyon Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus*

Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus* ‘Gid Pratik’ pou Biznis

Gid pou Biznis la se yon “gid pratik” pou biznis ak òganizatè k ap anvizaje mete anplas Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus* nan biznis yo.

[‘GID PRATIK POU BIZNIS YO](#)

Kijan òganizasyon mwen an ka itilize Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus*?

Òganizasyon w lan ka kòmanse aksepte Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* imedyatman lè li telechaje aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a apati [Apple App Store](#) oswa [Google Play Store](#) epi lè l ranpli yon ti fòmilè enskripsyon tou kout. Nan dat 1ye oktòb 2021 an, yo te mete Aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a ajou yon fason pou pèmèt validasyon [SMART Health Cards](#) ki soti kay distribitè de konfyans ki andeyò Eta New York-tankou lesepase ki baze sou direktiv federal ak eta sou COVID-19.

Òganizasyon w lan ap responsab pou li eskane yon Excelsior Pass ak/oswa yon Excelsior Pass *Plus* endividyèl e se sèlman moun ki gen yon Excelsior Pass ak/oswa yon Excelsior Pass *Plus* ki valid oswa lòt fòm prèv vaksinasyon kont COVID-19 oswa prèv rezilta negatif pou tès l ap pèmèt antre nan etablisman w lan, annakò ak direktiv Eta New York sou reyouvèti pou endistri w la. Òganizasyon w lan oblije egzije pyès idantifikasyon ki gen foto pou adilt ki gen laj 18 lane oswa plis, e ki gen ladan non ak dat nesans moun nan, pou verifiye idantifikasyon.

Yon fwa ke ou admèt yon moun nan etablisman w lan, tanpri raple yo pou yo pou yo swiv tout rekòmandasyon sante ki ka deja anplas yo.

Kisa sa vle di lè w se yon distribitè de konfyans?

Aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a valide Pass ki soti kay distribitè SMART Health Card de konfyans yo onivo nasyonal ki reponn ak nòm Eta New York genyen sou emisyon kat, selon direktiv sante piblik federal ak eta pou COVID-19. Gras ak motè règleman aplikasyon Scanner a, sa enkli tip vaksen an, definisyon vaksinen totalman, yon angajman nan aksesibilite gras ak fòm enprime ak nimerik ak pwoteksyon done sante moun. Tanpri sonje, objektif aplikasyon an se pou sèlman valide Pass ki soti kay distribitè de konfyans yo pou prèv vaksinasyon ak/oswa rezilta negatif pou tès COVID-19 pou antre nan biznis parapò ak apwòch sa a. Eta New York pa responsab pou done fondamantal ki nan Pass ke yo te founi andeyò Eta New York.

Kijan kliyan mwen yo ka itilize Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus*?

Kliyan ki elijib yo ka rekipere yon Excelsior Pass ak/oswa yon Excelsior Pass *Plus* lè yo vizite [Pòtay Entènèt Excelsior Pass](#) la oswa apati aplikasyon NYS Excelsior Pass Wallet la. Nenpòt òganizasyon, biznis oswa sit onivo nasyonal ka telechaje aplikasyon NYS Excelsior Pass Wallet la gratis, apati [Apple App Store](#) ak [Google Play Store](#). Kliyan endividyèl yo ka enprime Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* yo oswa prezante l sou telefòn entèlijan yo a.

Èske òganizasyon mwen an oblije itilize Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus*?

Non, ou pa oblije patisipe.

Konbyen sa koute pou moun itilize Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus*?

Li gratis pou patisipe nan Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus*, toukòm aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner la. Nan kad angajman Eta New York pran nan domèn ekite ak aksè, òganizasyon ak biznis onivo nasyonal yo ka telechaje aplikasyon Scanner a gratis pou yo valide antre a.

Èske mwen oblije yon òganizasyon, biznis oswa yon sit nan New York pou mwen telechaje aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a?

Non. Nenpòt òganizasyon, biznis oswa sit onivo nasyonal ka telechaje ak itilize aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a gratis. Aplikasyon Scanner a valide Pass ki soti kay Distribitè SMART Health Card ki reponn ak nòm Eta New York yo nan kad apwòch emisyon de konfyans yo a, ki baze sou direktiv sante piblik pou COVID-19 onivo federal ak onivo eta a.

Ki kote òganizasyon mwen an dwe voye pou kliyan yo al chèche plis enfòmasyon sou Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus*?

Gen plis enfòmasyon sou Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* ki disponib sou [Sitwèb Excelsior Pass la](#) Patikilye yo ka vizite tou paj ki rezève pou Kesyon Moun Poze Souvan (Frequently Asked Questions, FAQ) sou [Excelsior Pass](#) ak [Excelsior Pass *Plus*](#) yo.

Eskane Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus*

Kesyon sa yo dekri enfòmasyon sou kijan pou òganizasyon k ap itilize aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a ka eskane.

Èske li obligatwa pou òganizasyon m nan itilize aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a?

Patisipasyon nan Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* gratis ak volontè. Si òganizasyon w lan chwazi patisipe, ou ka itilize aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a pou eskane Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* yon moun ak/oswa SMART Health Card Pass ki soti kay yon distribitè de konfyans.

Kisa mwen dwe fè lè m ap eskane Excelsior Pass oswa Excelsior Pass *Plus* yon moun?

Lè w ap eskane Pass yon moun ou oblije verifye idantite adilt ki gen plis ke laj 18 lane yo, lè ou verifye pyès Idantifikasyon ki gen foto yo e ki gen ladan non ak dat nesans moun nan.

Annakò ak direktiv pou reyouvèti Eta a, si yon moun pa gen pyès Idantifikasyon ki gen foto sou li oswa si Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* ak/oswa SMART Health Card ki soti kay yon distribitè de konfyans pa koresponn ak pyès Idantifikasyon ki gen foto a, moun sa p ap otorize antre.

Adilt yo ka kenbe Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* pou timoun ki gen mwens ke laj 18 lane.

Kisa mwen dwe fè si gen yon pwoblèm ak Excelsior Pass oswa Excelsior Pass *Plus* mwen t ap eseye eskane a?

Si yon Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* pa valid, tanpri bay moun nan rezon ki fè li pa valid la, jan li parèt nan aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a. Si yon Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* ekspire, tanpri fè moun nan konnen sa epi mande l pou li konfime ke sa l ap pataje a se sa ki bon an.

Si w pa anmezi pou valide yon Excelsior Pass ak/oswa yon Excelsior Pass *Plus*, ou ka aksepte yon lòt fòm prèv vaksinasyon kont COVID-19 oswa prèv rezilta tèst negatif, tankou yon Kat Vaksinasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) (CDC Vaccination Card) oswa rezilta laboratwa sou papye.

Èske li akseptab pou eskane yon Excelsior Pass oswa yon Excelsior Pass *Plus* pou plizyè moun sou yon sèl aparèy?

Wi, depi yo prezante yon pyès Idantifikasyon ki gen foto avèk non ak dat nesans sou li ansanm ak chak Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* inik pou adilt ki gen laj 18 lane oswa plis. Adilt yo ka kenbe Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* pou timoun ki gen mwens ke laj 18 lane.

Si yon moun gen yon Excelsior Pass, yon Excelsior Pass *Plus* ki valid, oswa yon lòt SMART Health Card ki soti kay yon distribitè de konfyans men li pa genyen avèk li yon pyès Idantifikasyon ki gen foto sou li; kisa mwen dwe fè?

Annakò ak direktiv pou reyouvèti Eta a, si verifikasyon idantite a pa posib, moun sa a p ap otorize antre.

PWOCHEN SEKSYON

Aksesibilite

Èske kliyan mwen yo ka itilize Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus* si yo pa gen aksè ak yon telefòn entèlijan?

Patisipasyon nan Excelsior Pass ak/oswa nan Excelsior Pass *Plus* volontè e yo kreye l pou tout Nouyòkè san eksepsyon, menmsi yo pa gen aksè a yon telefòn entèlijan. Li byen fasil pou kliyan yo enprime yon Excelsior Pass ak/oswa yon Excelsior Pass *Plus* apati [Pòtay Entènèt Excelsior Pass la](#).

Kliyan yo ka prezante, tou, bay òganizsyon w lan, yon lòt fòm prèv vaksinasyon kont COVID-19 oswa rezilta negatif pou tès, tankou yon prèv sou papye.

Èske Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus* disponib nan plizyè lang?

Excelsior Pass, Excelsior Pass *Plus*, ak aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a disponib nan plis pase 10 lang ki gen ladan Anglè, Panyòl, Chinwa (tradisyonèl ak senplifye), Ris, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Bengali, Arab, Italyen, Polonè ak Yidish.

Èske Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus* disponib pou moun ki ka gen defisyans oditif oswa vizyèl?

Wi. Yo te fè tès aksesibilite sou aplikasyon Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* yo pou garanti ke li fasil pou moun ki ka gen defisyans oditif oswa vizyèl yo itilize yo.

Sekirite ak Vi Prive

Kesyon k ap swiv la yo soulinye enfòmasyon sou sekirite ak konfidansyalite vi prive pou òganizasyon k ap itilize aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a.

Èske done ke m bay sou òganizasyon m nan pou m telechaje aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a san danje e sekirize?

Yo konsève done ou bay sou òganizasyon w lan nan yon fason sekirize e yo p ap itilize yo nan lide pou vann oswa fè maketing avèk yo oswa pou pataje yo ak yon tyès pati.

Ki done aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a kolekte oswa konsève sou òganizasyon m nan?

Lè w anrejistre òganizasyon w lan, ou pral pataje non òganizasyon w lan, endistri a ak kòd postal kote w ap valide chak Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* sou aparèy sa a. Lè w eskane yon Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus*, aplikasyon an kolekte done analitik sou tip Pass la ak rezilta eskàn nan. Yo pa kolekte oswa sovgade okenn enfòmasyon pèsònèl ki soti nan Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* yon patikilye.

Èske òganizasyon m nan ap ka gen aksè ak enfòmasyon pèsònèl yon moun lè l ap eskane Excelsior Pass oswa Excelsior Pass *Plus* yo a?

Lè y ap eskane Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus* ak/oswa SMART Health Card ki soti kay yon distribitè de konfyans pou yon moun apati aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a, sèl enfòmasyon òganizasyon w lan ap wè se kalite ak estati Pass la, ak non ak dat nesans itilizatè a, pou li kapab valide l parapò ak yon pyès Idantite ki gen foto.

Èske aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a swiv lokalizasyon òganizasyon m nan?

Non. Aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a pa swiv lokalizasyon òganizasyon w lan.

Ki kote mwen ka li Politik sou Vi Prive aplikasyon Excelsior Pass Scanner a?

Ou ka li politik sou vi prive aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a lè w vizite [Paj Entènèt sou Konfidansyalite Vi Prive NYS Excelsior Pass Scanner](#) a.

Sipò Teknik

Kisa rekòmasyon debaz pou mwen itilize aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner yo ye?

Aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a konpatib avèk telefòn entèlijan ki fonksyone sou iOS 13.0+ oswa Android 7.0+. Ou ka telechaje aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner a gratis sou [Apple App Store](#) oswa [Google Play Store](#).

Mwen pa ka rive wè kijan pou m itilize aplikasyon NYS Excelsior Scanner a? Kisa pou m fè?

Si w rankontre difikilte, tanpri konsilte youn nan gid enstriksyon itil, etap-pa-etap nou yo:

- [Aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner pou iOS](#)
- [Aplikasyon NYS Excelsior Pass Scanner pou Android](#)

Si malgres ou gen difikilte, ou ka ranpli [fòmilè pou sipò](#) Excelsior Pass la oswa kontakte Biwo Asistans Excelsior la nan 844-699-7277 soti 8 a.m. Lè Zòn Lès rive 8 p.m. Lè Zòn Lès chak jou.

Kijan mwen ka soumèt kòmantè mwen genyen sou Excelsior Pass ak sou Excelsior Pass *Plus*?

Nou twò kontan resevwa nenpòt kòmantè ou genyen konsènan Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus*; tanpri, pataje li atravè [fòmilè pou sipò](#) nou an.

PWOCHEN SEKSYON

Resous Edikatif

Kijan biznis oswa òganizasyon mwen an ka montre kliyan yo ke nou aksepte Excelsior Pass oswa Excelsior Pass *Plus*?

Ou ka itilize aktif telechajab yo pou montre ke biznis oswa òganizasyon w lan aksepte Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus*. Sa enkli, depliyon, postè ak aktif nimerik pou ede enfòmè ak ankouraje kliyan w yo jwenn Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass *Plus*.

[GADE RESOUS EDIKATIF YO \(EDUCATIONAL ASSETS\)](#)